**Discours du Premier ministre, Dr Ariel Henry**
**01-01-2024**

Mes chères concitoyennes,

Mes chers concitoyens,

Ane sa a mwen pat anvi fè yon diskoubyen long, pou redi menm bagay yo nouabitye tande chak premye janvye. Parce que 2024 est une année charnière dans notre histoire.

2024 est une année au cours de laquelle nous aurons à relever ensemble de grands défis.

An 2024, Ayiti dwe repran desten li nan men li.

Jan nou te gen tradisyon fè sa, premyejanvye, nou dwe lave e netwaye kay la.  Nou dwe bale wouze, chanje mèb yo plas,epi mete lòd nan kay la.

An 2024, Abraham di sètase.  Se pou tout moun wè Ayiti deside pran chimenchanjman tout bon vre.

2024 se ane pou konbit chanjman an lanse, san gade dèyè.

Jou a rive pou Ayiti sòti nan ensekirite, nan zafè pa bon.  Lanbi rasanbleman an sonnenpou tèt ansanm lan tounen yon reyalite.

Tout moun dakò sitiyasyon sa a pa ka retekonsa. Fòk sa chanje. Wout la difisil, menfòk nou mare senti nou pou nou ka rive fèchanjman tout moun ap swete a.

2024 se ane nou dwe refè èskanp figi Letae fè tout moun rèspèkte l tou patou nan peyi a.

2024 doit être l'année du retour à la normale et du retour à la libre circulation des personnes et des biens.

2024 doit être l'année de la réconciliation nationale et du rassemblement de la famille haïtienne autour d'un projet commun.

2024 ap yon ane refleksyon, pou noudeside ansanm, kote nou vle ale ak peyiPapa Dessalines kite pou nou an.

Ane sa a, objektif  nou tout dwe : fè tout sa nou kapab pou remete Ayiti sou chimendemokrasi, rèspè konstitisyon ak lwa noubay tèt nou, pou nou viv ansanm.

Peyi nou an gen anpil potansyèl ki ka pèmèt tout moun viv pi byen ladan l.

Nou ka rekòmanse atire envestisman, e fè touris retounen nan peyi a, nou ka fè Ayititounen yon destinasyon pèlerinaj pou tout peyi ki te viktim esklavaj vi n wè premyepeyi ki te kas e chèn lan. Yon aktivitekonsa t ap onore zansèt nou yo e ka kreyeanpil opòtinite pou nou bay jenès la travayak lespwa.

Pou nou rive chanje peyi a, fòk tout mounakepte respekte règ jwèt la.

Pou nou rive atenn objektif nou yo, fòknou desitire ti gwoup moun ki deside sèviak zam pou yo teworize popilasyon an, touye moun pou gran mesi, kidnape moun,vyole fanm, anpeche ayisyen sikile lib e libè sou tè zansèt nou yo te batay pou kitepou nou.

Monopòl itilizasyon lafòs lejitim, se nan men Leta sa dwe rete. Nou pa ka kite nègak zam, fè moun kwè yo ka ranplase Leta, ni met nan tèt yo, yo k ap fè lalwa.

Espektak n ap bay jodi a, pa bon ditou. Mwen konprann nou fatige ak delenkanyo. Mwen konprann nou bouke ak zakbandi yo.  Mwen konprann nou ta renmensa chanje e pou sa chanje vit.  Men nou paka fè sa nenpòt ki jan.

Solisyon pwoblèm sa yo, nou pap jwennyo si n ap kontinye frajilize Leta a.  Okontrè, se chèche pou nou chèche ansanm pi bon mwayen pou remete Leta a sou 2 pye li.

M ap raple tout aktè sou teren an, fèlatwoublay, kreye kao, panike pitit pèp la pap bay pouvwa.  Nou wè sa.

Bon jan solisyon an, se nan kreye yon anviwònman favorab pou nou ka kontinyeredrese ekonomi peyi a e kreye kondisyonpou pèp ayisyen ka chwazi lib e libè, kifanm ak ki gason serye e konpetan li vlemete nan tèt peyi a nan kad eleksyon lib,san fòs kote.

Ane 2024 la, kè kalm, tèt frèt n ap  karekòmanse sikile nan tout katye nan kapitalla, e nan tout zòn nan peyi a.  Tout danmijann gen bouchon l.  Sak vle fè noupè a, gen pou jwenn bouchon pa l tou.

Jodi a, nou pi pre jou peyi zanmi nou yo apvin bay fòs sekirite nou yo jarèt, pou yo ka kwape bandi ak tout gwoup ki nan aktiviteilegal, kontrebann, trafik zam ak minisyon, trafik moun, trafik dwòg.

M ap voye yon remèsiman spesyal, nan non tout pèp ayisyen an bay tout jenn fanmak jenn gason ki nan fòs sekirite nou yo, kit se nan lame, kit se nan lapolis.  Chakjou y ap riske vi yo, pou kontre kòn yo akbandi.  Y ap fè sa ak demwayen limite.

M ap salye kouraj yo ak detèminasyon yo.  N ap salye memwa tout sa yo ki tonbepandan sèvis yo.  Nou pap lage fanmi yo.

Anntandan Misyon Sipò pou sekirite(MSS) la vini, gouvènman an ap fè tout sal kapab pou mete plis mwayen ak plis materyèl nan men fòs sekirite nou yo. Materyèl ki sot defile la yo, se twòkèt la, chay la dèyè.

Manm Gouvènman an sot bay egzanp la klè, pa gen pèsòn ki odesi lalwa. FòkKonsey siperyè pouvwa jidisyè (CSPJ), kontwole sa k ap pase nan sistèm lan, e veye pou se pa lòt bagay k ap fèt. Se devwa gouvènman an pou l veye « à la bonne marche des institutions de la République ».

M ap redi l ankò : Gouvènman m ap dirijea kwè nan dyalòg e ouvè de bra l pou entegre tout konpatriyòt ki vle.

Depi Jamayik mwen te pwomèt pou elajiHCT a, pou te fè plis sèktè politik rantrenan gouvènman an, pou te demarepwosesis revizyon konstitisyon, pou noulanse pwosesis elektoral la. Pandan plis pase 2 zan, nou fè tout sa nou te kapab pou nou mennen tout moun bò tab la. Noudeside avanse ak aktè ki vle yo. Lòt yoava rejwenn nou nan wout.

Nan mwa janvye 2024 la, nou detèminepou nou fè sa.

Frè m yo, sèbm yo,

Se pa yon fatalite pou gen tout kantitekonpatriyòt sa yo ki nan grangou. Ayitigen kapasite pou li pwodui ase manje pou nouri tout pitit li. Si nou vle, nou ka rezoud pwoblèm lamanjay la, yon fwa pou tout.

Agrikilti mande dlo. M ap redi l ankò pèpayisyen ka konte sou gouvènman an, pou li kontinye defann enterè Ayiti pou itilizasyon ekitab tout dlo nou pataje akvwazen nou. Se nan konsètasyon antpopilasyon ak otorite Leta yo, pou nou jeresa, san nou pa bezwen nan kont ak vwazennou.

M ap di tout peyizan, tout plantè, mèsi pou efò y ap kontinye fè pou bay tout peyi a manje.

M ap di nan non peyi a, mèsi a tout fanmak òm dafè, komèsan fòmèl e enfòmèl kikontinye ap bay popilasyon an sèvis,malgre tout difikilte y ap rankontre chakjou. Gras a yo, Ladwan bat plizye rekònan resèt, malgre ekonomi an ap macheoralanti. Mwen swete ane 2024 la pote yon soulajman nan difikilte yo. Sitiyasyonan gen pou chanje, e m ap mande yoprepare yo, pou yo ka rekòmanse envèsti nan peyi a pou pwodui plis pou konsomasyon lokal la.

M ap voye yon gwo kout chapo bayanseyan ak pwofesè nou yo, sa ki chwazirete nan peyi a pou kontinye pataje akjenès nou an lepen delenstriksyon. Peyi a rekonèsan pou sakrifis nou.

Yon gwo mèsi a tout travayè ki nan sistèmsante a, k ap kontinye konbat kolera e baypopilasyon an swen sante. Gras a yo, n apkontinye vaksine timoun yo.

Mwen vle pwofite okazyon sa a, pou m salye konpatriyòt nou yo ki nan dyasporaa. N ap travay pa bò isit, pou nan yon jouki pa twò lwen, sa ki vle ka retounenlakay, ka vin envèsti e vin patajeeksperyans yo ak konpetans yo ak nou, e pouki pa, vin patisipe nan politik peyi a tou.

Annatandan, n ap di yo mèsi pou tout sipòak solidarite yo bay sè ak frè nou yo,sikonstans

oblije yo kite Ayiti.

Mesdames, Messieurs,

Aujourd'hui, nous célébrons un moment exceptionnel dans notre histoire nationale, un moment qui a façonné notre identité et tracé le chemin vers un avenir de liberté et de dignité. Nos ancêtres ont proclamé la dignité de l'homme et ont érigé un phare de liberté qui brille encore aujourd'hui. Leur sacrifice et leur engagement envers la justice résonnent à travers les pages de notre histoire, et doivent constituer une source d'inspiration pour les générations à venir.

En tant que peuple libre et souverain, nous sommes les gardiens de cet héritage précieux. Nous sommes les héritiers de la lutte pour l'égalité, la justice et la liberté. Nous devons évaluer les défis auxquels nous sommes confrontés et renouveler notre engagement envers les idéaux qui ont guidé nos ancêtres.

Célébrer l'An 220e de notre indépendance est également un devoir de mémoire. En 1804, Haïti a posé un acte de bravoure qui a résonné bien au-delà de nos frontières, inspirant d'autres nations à s'engager sur le chemin de la liberté. Aujourd'hui, nous nous souvenons de Toussaint Louverture, de Jean-Jacques Dessalines, de Claire Heureuse, d'Henry Christophe, d'Alexandre Pétion, de Zabeth, de CapoisLa Mort, de Boisrond Tonnerre, de Denise Bazile dite Défilée la folle, ainsi que de toutes celles et de tous ceux qui ont contribué à forger notre nation.

Nous rendons hommage à ces héros de la révolution, à ces visionnaires qui ont cherché à édifier une société juste et équitable. En ce jour solennel, nous devons également reconnaître les lacunes et les contraintes auxquelles nous faisons face en tant que nation. Nous devons rester vigilants et déterminés à surmonter les obstacles qui entravent notre chemin.

Célébrer nos 220 ans d'indépendance ne devrait pas seulement être une rétrospective, mais aussi un appel à l'action. Nous devons nous engager à honorer l'héritage de nos ancêtres en œuvrant pour une Haïti plus forte, plus unie et plus prospère. Cela nécessite un effort collectif, une solidarité nationale qui transcende les divisions.

Ce premier janvier 2024 marque aussi les 120 ans de la première interprétationofficielle de la Dessalinienne. Cet hymne,dont les paroles si bien chantées par ce groupe, nous galvanisent et nous rappellentchaque jour qui nous sommes, d'où nous venons, les promesses que nous noussommes faites, les obligations que nous avons les uns envers les autres et envers le monde.

1804, 1904, 2004, 2024 sont des jalons importants de notre vie de peuple qui nous invitent à la fois à une rétrospective et à une introspection sur nos manquements, notre difficulté à nous faire confiance, à nous parler, à nous mettre ensemble pour offrir le meilleur de nous-mêmes à notre pays.

L'année 2024, Année de la Mémoire, ramène également les 275 ans de la ville de Port-au-Prince. Capitale la plus peuplée de la Caraïbe, fondée en 1749, elle aura 300 ans dans 25

ans.  Une prochaine fois,je vous soumettrai une idée, un projet ambitieux, qui devrait faire l'unanimité parmi nous, autour de la célébration de cette échéance.

Je veux réaffirmer ici, au nom de tout le gouvernement, notre engagement envers la démocratie, la transparence et la responsabilité. Nous devons consolider nos institutions, renforcer l'Etat de droit et promouvoir une gouvernance exemplaire pour répondre aux aspirations légitimes de notre peuple.

En ce jour où nous célébrons le début del'An 220e de notre indépendance, je vous exhorte à regarder vers l'avenir avec espoir. En honorant nos ancêtres, nous devons également préparer le terrain pour les générations futures, afin qu'elles puissent continuer à écrire l'histoire glorieuse de notre cher pays.

Frè m ak sè m yo,

Peyi nou gen poul pran yon lòt dirèksyon e retounen sou chimen demokrasi, Etadedwa ak pwosperite.  Se nou tout ki pou pote kole.

Mwen envite tout moun nan tout rakwenpeyi a, moun nan tout kouch sosyal, mountout tandans politik, pou nou refè inite ki te pèmèt zansèt nou yo ranpòte laviktwa,libere peyi e fè l pran yon lòt dirèksyon.

Ansanm nou ka bwè soup rèstorasyon peyi Dayiti.

Mèsi anpil.